



Sètifikasyon Kalifikasyon pou Vaksen COVID-19 la Poutèt Pwoblèm Medikal nan Vil New York

Moun New York ki gen laj omwen 16 an ki gen pwoblèm medikal ki annapre yo kalifye pou vaksen COVID-19 la, dapre sa pwofesyonèl medikal yo a dokimante oswa dyagnostike:

- Kansè (ki ankou oswa ki nan remisyon, sa gen ladan kansè ki lye ak 11 septanm)
- Maladi ren kwonik
- Maladi poumon, sa gen ladan pami lòt bagay, maladi pilmonè obstriktiv kwonik (chronic obstructive pulmonary disease, COPD), opresyon (lejè rive nan grav), fibwoz pilmonè, fibwoz kistik, ak maladi pilmonè ki lye ak 11 septanm
- Andikap Entelektyèl ak Devlopmanantal sa gen ladan sendwòm Down
- Pwoblèm kè, sa gen ladan pami lòt bagay ensifizans kadyak, maladi atè kowonè, kadyomyopati oswa ipètansyon (tansyon wo)
- Eta iminitè defisyan (sistèm iminitè fèb) sa gen ladan pami lòt bagay grèf ògàn solid oswa grèf san oswa mwèl zo, defisyans iminitè, VIH, itilizasyon kòtikostewoyid, itilizasyon lòt medikaman ki febli sistèm iminitè a, oswa lòt kòz
- Gwosè grav (endis mas kòporèl omwen 40 kg/m²) oswa gwosè (endis mas kòporèl ant 30 kg/m² ak 40 kg/m²)
- Gwosès
- Anemi falsifòm oswa talasemi
- Dyabèt mellitus tip 1 oswa 2
- Maladi serebwovaskilè (ki afekte veso sangen yo ak apwovizyonman san nan sèvo a)
- Pwoblèm newolojik tankou pami lòt bagay maladi Alzheimer oswa demans
- Maladi fwa

Mwen sètifye ak dokiman sa a mwen gen omwen youn nan pwoblèm medikal ki nan lis ki pi wo a dapre sa pwofesyonèl medikal mwen an dokimante oswa dyagnostike epi, dapre sa mwen konnen, enfòmasyon sètifikasyon sa a baze sou yo vre ak kòrèk, sou pèn pousuit jidisyè.

Non an lèt detache

Siyati

Dat

Si moun k ap resevwa vaksen an gen ant 16 ak 17 an oswa pou yon lòt rezon pa kapab sètifye:

Non Responsab Legal la an lèt detache

Siyati Responsab Legal la

Dat